Bu leen sol suwaa walla sooy, bu leen naan ci ndabal wurus mbaa xaalis, te bu leen lekk ci ay boolam, ndax ñoom la ñeel fii ci àdduna, waaye nun la ñeel fële ca àllaaxira

Jële nañu ci Abdur Rahmaan ibn Abii Laylaa mu ne ñoom dañoo nekkoon ci Husayfata, mu sàkku ku ko may mu naan, ab Majuus jox ko mu naan, ba mu tegee këll bi ci loxoom mu sànni ko ko, daaldi wax ne -xanaa du tere naa ko ko lu dul benn yoon du ñaari yoon, mu mel ni day wax naan: defuma lii-, lu dul ne damaa dégg Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- di wax naan: «Bu leen sol suwaa walla sooy, bu leen naan ci ndabal wurus mbaa xaalis, te bu leen lekk ci ay boolam, ndax ñoom la ñeel fii ci àdduna, waaye nun la ñeel fële ca àllaaxira».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa tere góor ñi di sol suwaa ci ay xeetam. Mu tere góor ñi ak jigéen ñi ñuy lekk mbaa naan ci ndabal wurus ak xaalis. Mu xibaare ne loolu jullit ñi rekk a ko jagoo ëllëg bis-pénc; ndax ñoom ñoo ko moytandiku woon fii ci àdduna ngir topp Yàlla. Bu dee yéefar yi nag ñoom duñu ko am allaaxira; ndaxte ñoom dañoo yàkkamti seen yu teey ya fii ci dundug àdduna ci li ñu leen jëfëndikoo, ak li ñu moy ndigalu Yàlla.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/2985